

Renting Thuê nhà 租房 Kukodesha کرایہ کرنے Kireysi **Gupangisha** Riop hoot yiic اجارہ تାଙ୍କେଲାହିଁର୍ଦ୍ଦୁ 租屋 ପାଠକେତୁ ବିଟେଲ୍ ଇଗାର ଜୀବନ ଇତିହାସ 賃貸

Menya amategeko

RTA iri ngaha kugira ngo igufashe

Uburenganzira bwo Gupandisha Amazu (RTA) ni ajanse ya leta ikurikirana amategeko yo gupangisha amazu muri Queensland. Dutanga ubufasha n'amakuru kubapangayi, banyene mazu n'abakozi bajejwe gupangisha amazu mumu estate.

Ingorane mugihe co gupangisha

Niba wewe na nyene inzu mudashobora kumvikana ukungene mutorera inyishu ingorane yo gupangisha, turingaha ngo tubafashe gutara inyishu.

RTA itanga servise yagusa mukurangiza **amatati yo kutumvikana**.

Duterefone kuri 1300 366 311 kugira ngo umenye ukungene dushobora kugufasha.

Queesland yanejejwe n'amategeko yo gupangisha inzu kumbere atandukanye nahandi hantu wagiye utura.

Ufise **agateka n'Inshingano** mugihe upanze munzu. Umenye uko bameze hama wirinde ingorane.

Akira andi makuru kubijanye no gupangisha

Ja kuri site **rta.qld.gov.au** uronke ibisobanuro vy'amakuru kubijanye no gupangisha inzu muri Queensland.

Duterefone kuri **1300 366 311**. Uronke inyishu kubibazo vyo gupangisha. Twugurura Kuwambere gushika Kuwagatanu isaha 8. 30 zo mugatondo gushika 5 zo kumugoroba.

Vuga imvugo yawe



Service yo Gusobanura n'Ugusigura (TIS) itanga kuri gusa na RTA. Tubaze tugufashe kuronka umusobanuzi mugihe uwakuye, canke rungika TIS ubwonyene kuri 131 450.

Izinkuru nizitanga intumbero rusange gusa. Si ukumenyesha mumategeko. RTA ntishobora kukwizeza ukuri kose canke kuzuza amakuru yatanzwe. Amakuru arambuye wisunge *Amategeko yo Gupangisha Amazu n'Ubuturo 2008 (Residential Tenancies and Rooming Accommodation Act 2008)*.

Amategeko amwe rusange yo gupangisha inzu.

Umupangayi:

- Kwishura amahera y'inzu igihe gikwiye
- Uze urakora isuku mw'ico kibanza, uhategure neza gose
- Uze witwararike kumajambo mwasezeranye igihe c'ugukodesha
- Uze wubahe agateka kabaturanyi bawe mumahoro udatera n'urwamu.

Nyene inzu:

- Uze wubahe ubuzima bw'umupangayi kandi itwararike kumasezerano mwasezeranye yo kwijira munzu
- Uze ukoreshe ivyangiritse kandi usanure
- Uze ukore ibintu vyose bijanye n'amagara meza n'umutekano
- Uze uhuze amazu y'uburaro na RTA

